

## Timoun nan Biznis: Atik konvenkan (Persuasive Article)

Kòmanse yon biznis pa yon bagay piti. Se poutèt sa jèn ti antreprenè sa yo tou senpleman enkwayab.



Hayleigh Scott komanse mete èd pou l tande depi lè li te genyen 18 mwa. Li te konn kache èd pou l tande yo dèyè zòrèy li; sa te vin tounen yon **woutin** pou li. Lè l vin gen 5 kan li vin santi li fyè ak yo. Hayleigh kòmanse vin gen ide pou envante atraksyon ki vle sanble ak zanno. Manman l te ede l fè ide l la vini yon reyalyte. Li lanse ide pou louvri yon **antrepriz** ak ide pou l anbeli èd pou tande a.

Lè Hayleigh vin gen 8 tan, li louvri yon biznis ak sipò fanmi li, epitou sè jimèl li te genyen yo. Koulye a li vann plis pase 50 diferan kalite atraksyon. Li menm posede yon patant pou envansyon li an.



Joshua Williams gen yon mesaj pou timoun: <<Ou pa janm twò jèn pou fè yon diferans.>> Joshua se prezidan **fondasyon** ki pi jèn nan mond lan. Bi òganizasyon li a se pou ede sila yo ki nan grangou nan Miami, Florida. Gwoup **konpasyon** l lan distribye manje bay moun ki nan bezwen. Biznis lokal yo bay òganizasyon an èd pa yo tou.

Travay Joshua enkli yon valiz espesyalman pou timoun ki nan bezwen. Li gen plan pou l louvri yon jaden **kominotè**; li di:<<jaden sa se va pou moun kapab resevwa fwi ki fre.>>

